# Zouti pou Pran Desizyon pou Patisipasyon Elèv ki Gen Andikap yo nan MCAS

Ekip IEP ak kowòdonatè plan 504 yo kapab itilize tablo desizyon ki endike anba a pou pran desizyon chak ane konsènan patisipasyon apwopriye elèv yo nan MCAS *Pran lòt desizyon chak ane nan chak domèn kontni y ap evalye:* ELA, matematik, ak syans ak teknoloji/jeni.

Èske elèv la genyen yon IEP oswa yon plan 504?

No → Elèv la pa elijib pou resevwa aranjman pou tès oswa pou fè MCAS-Alt.

Elèv la dwe fè tès MCAS estanda a pandan l ap itilize fonksyonalite aksesiblite inivèsèl la, jan sa nesesè.

Wi → Èske elèv la ka **konplètman oswa pasyèlman demontre konesans ak konpetans** nan yon tès estandadize sou papye oswa sou òdinatè, swa avèk oswa san aranjman?

Wi → Elèv la dwe fè swa **tès MCAS** sou òdinatè oswa sou papye nan domèn kontni ki genyen fonksyonalite aksesiblite ak aranjman ki apwopriye

No →

- Èske elèv la genyen yon gwo andikap koyitif? **EPI**
- L ap travay sou nòm akademik ki te modifye **vrèman pi ba atant nivo klas la** ; **EPI**
- L ap resevwa ansèyman **entansif, machaswiv pèsonalize pou li** akeri ak demontre konesans ak konpetans **; EPI**
- Li **pa anmezi pou konplètman oswa pou pasyèlman demontre konesans konpetans nan yon tès estandadize, menm avèk itilizasyon aranjman yo?**

Wi → Si tout kritè yo ki anwo a satisfè, yo dwe konsidere elèv la pou **MCAS-Alt** nan domèn kontni an[3]

No → Èske elèv la genyen **yon andikap konplèks oswa yon gwo andikap**[1] ki t ap anpeche l pou konplètman oswa pasyèlman demontre konesans ak konpetans nan yon tès MCAS estanda menm avèk itilizasyon aranjman yo?

(pa egzanp, yon gwo andikap emosyonèl, konpòtmantal, andikap ki lye ak sante, andikap newolojik, nan mouvman, oswa nan kominikasyon)

**EPI**

Elèv la ap travay **nan nivo atant klas la oswa prèske nan nivo atant klas la**

No → Elèv la dwe fè swa **tès MCAS** sou òdinatè oswa sou papye nan domèn kontni ki genyen fonksyonalite aksesiblite ak aranjman ki apwopriye

Wi → Elèv la ta dwe fè yon **tès MCAS** sou papye oswa sou òdinatè avèk oswa san aranjman; oswa yo kapab konsidere l pou pòtfolyo nivo "klas" la oswa "konpetans" lan

[1] Nou ka jwenn yon eksplikasyon ak egzanp sou "andikap konplèks ak gwo andikap" nan paj 6 nan Manyèl Edikatè a.

[2] Gade nivo Klas MCAS a ak Manyèl Pòtfolyo Konpetans lan pou jwenn detay ak pou egzijans soumisyon pòtfolyo "nivo klas" la ak "konpetans" yo.

[3] Elèv ki fè MCAS-Alt a nan lekòl segondè p ap resevwa yon Detèminasyon Konpetans nan sijè yo evalye a epi konsa yo p ap elijib pou resevwa yon diplòm segondè.